АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№2
(10049)
РУЗМАН
20 январь
2023 сон
27 ДЖУМАДУЛЬ АХИР 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

РАСУЛ ХIАМЗАТОВ - 100 СОН



**«Наслабазе толеб буго Дагъистан –дир рокьул, дир анищазул улка»**

3 гьум.

АВТОРАСУЛ БОКIОН

**Давуд ДАВУДОВ**

**МугIалим ва насихIатчи**

2 гьум.

■ КИНАБГО ФРОНТАЛЪЕ –КИНАБГО БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪЕ

# ГIаммаб ишалъул цебетIейги цIикIкIараб букIуна

**2022 соналъул 6 октябралъ хIалтIизе байбихьана нилъер районалда хасаб рагъулал лъугьа-бахъиназда гIахьаллъулезе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъул «Кинабго фронталъе- кинабго бергьенлъиялъе» абураб фонд.**

**Цебеккунго гIадин нижеца къватIиб кьолеб буго фондалъ ахирисеб моцIалда жаниб гьабураб хIалтIул баян:**

• Декабрь моцIалъул ахиралда районалъул бищун кIудияб коллектив бугеб идара- райбольницалъул хIалтIухъабазул, райсобраниялъул депутатазул ва росабазул бегавулзабазул данделъабазда гIахьаллъун, фондалъ гьабураб хIалтIул баян кьуна дица. Райбольницалъул коллективалъ фондалъул хIалтIудаса разилъиги загьир гьабун, рагIи кьуна гьеб пайда ва кири цIикIкIараб ишалъулъ гIахьаллъи гьабизе гIагараб заманалда. Райсобраниялъул депутатазул цо чиясул рекIелъ гурони ахIи бижичIеб къагIида (цереккун гIахьаллъи гьабурал малъичIого). Гьедин, ХIебда школалъул директор, Ракьуса райсобраниялъул депутат ГIали ЖабрагIиловас фондалде бачIана 50 азарго гъурущ. Росдал бегавулзабазулъ кумек гьабиялъул ахIиялъе жаваб гьабуна Лъануб росдал бегавул Исламодин ГIалиевас – 3000 гъ.



18 январалде щвезегIан фондалде бачIараб гIарцул къадар буго 1224076 гъ.

• Фондалда гьабураб гIахьаллъиялъулъ бищун цIикIкIунисеб бутIа лъуна лъайкьеялъул идарабаз - 867657 гъ. Гьелда гъорлъ рукIана «Солдатазе посылка» абураб акциялда рекъон школалъул ва садикалъул лъималгун улбуз ва мугIалимазабаз ракIарарал 122 коробка.

Лъималаз хъварал кагъталгун посылкаби рачIана декабрь моцIалъ МачIада, ТIелекь №1 ва ТIелекь №2 школазги. Гьел киналго коробкаби дагIагьун, волонтераз ва редакциялъул хIалтIухъабаз гIуцIана 15 посылка нилъер районалдаса мобилизациялда рекъон аразе. Гьезул щивасул цIарги тIад хъван, мухIканго къачIарал посылкабазда гъорлъ руго хинал жилетал (КЭМЗ заводалъ рачIарал), хинаб гъоркьанретIел (фондалъул гIарцуде босараб), кванил нигIматал, лъималазул кагътал ва аптечкаби. Аптечкаби гIуцIана жиндирго рахъалдаса райсобраниялъул депутат Ругъелдаса Муса ГIумаровас рачIарал дарабазул.

Посылкабазде гъорлъе жубачIого хутIарал дарабазул ва кванил нигIматазул 16 коробка 19 январалъ битIун ана республикаялъул #МЫВМЕСТЕ фондалъул складалде, гьенисан гьез фронталъул хIажалъаби тIуразе ритIизе рукIине.

Нилъерго районцоязухъе - рагъулал лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIазухъе посылкаби щвезариялъе кумек щвана МачIадаса МухIамадов МухIамад МуртазгIалиевичасул рахъалдаса. Жидерго рагъулал нухаздасан солдатазухъе сайгъатал щвезариялъе санагIалъаби гьаруна гьес.

• ЦIияб соналъул байрам баркун, мобилизациялда рекъон аразул ва рагъда чIварал районцоязул лъималазе гIуцIун рукIана сайигъатал. Районалда гIумру гьабун ругезул 6 хъизаналдаса 12 лъимадул сайгъат гьабуна фондалъул рахъалдаса. Гьединго лъимал улбулгун цадахъ ахIун рукIана ХIебда маданияталъул кIалгIаялда тIобитIараб байрамияб тадбиралде ва районалъул бетIерасулгун дандчIваялде. Хадубккун гьезие гьитIинабго гIодорчIей хIадурун букIана редакциялда.

Район бахун къватIирехун ругезул хъизан-лъималазе ЦIияб сонги баркун сайигъатал гьаризе тIаде росун рукIана республикаялъул нухмалъуда ругел нилъер районцояз. ДРялъул экологиялъул ва тIабигIияб ресурсазул министр И.Ибрагьимовас, ДРялъул юстициязул министрасул тIоцевесев заместитель Къ. Биякаевас, ДРялъул спорталъул министрасул заместитель Б.Будуновас, ДРялъул росдал магIишаталъул заместитель Х. МуртазгIалиевас, ДРялъул туризмалъул министрасул заместитель ГI. МухIамадовас, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. Пайзулаевас, ДРялъул казначейсвоялъул нухмалъулесул заместитель М. МухIамадовас, «Шамил районалъул гIолилал» гIуцIиялъул председатель М. Дибировас, Гъогъолъа предприниматель М. Гьиматовас 50 азарго гъурущ щивас дандеги рехун, жидерго рахъалдаса 11 хъизаналдаса 26 лъимадуй сайгъат гьабуна. Лъималазе сайгъаталгун цадахъ анцI-анцI азарго гъурущги кьуна гьез.

• Гьединго, декабралъул ахиралда районалъул бетIерасул цIаралда кумек гьарун ячIун йикIарай Ракьуса ГIачила Таймасхановалъухъе щвана ниж районалъул бетIерасул заместитель ГIабдуразакъ Рамазановгун ва росдал бегавул МухIамад ЖабрагIиловгун. Доброволецлъун арав ХIажи Дибировасул хъизан ккола гьей. Районалъул мобилизациялда рекъон аразе гIадин, гьезул хъизаналъеги фондалъул рахъалдаса 20 аз.гъ. кьуна. Гьединго, гьарун рукIана кванил нигIматазул ва лъималазе цIияб соналъулал сайгъатал, босун букIана иту. Солдат Дибировасул эбелгун ва хъизангун дандчIваялъул хIасилалда бичIчIана



гьезие хасалиде гIураб цIул гьечIеблъи. ГI. Рамазановасул ва росдал бегавуласул кумекалдалъун цIул гьабизе бакI ва гьеб рехизе машина чIезабуна. КIудияб разилъиялда ва гьара-рахьиялда тана рагъухъанасул хъизан-рукъ.

• Декабралда тIобитIараб сессиялда райсобраниялъул депутатазул хIукмуялда рекъон ВатIалъул тIалабал цIунулаго рухI кьурал районцоязул цIарал даимго цIуниялъул мурадалда 6 росулъ къватIазда, лъайкьеялъул идарабазда ва спортивиял бакIазда цIарал хисизе руго. Гьенир чIвазе хIадурарал мемориалиял хъарщал росана фондалъул сурсатаздаса – 48 азарго гъ. ГIагараб заманалда гьел рагьулел тадбирал тIоритIизе руго росабалъ.

**Фондалъул нухмалъулей,**
**газеталъул редактор**
**ПатIимат МУХIАМАДОВА**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА




**Ассаламу гIалайкум хирияб Шамил районалъул жамагIат!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда нилъеде тIаде щолеб бугеб хирияб Раджаб моцI.

Гьаб моцI буго тIоцебесеб хирияв моцIазул (Раджаб, ШагIбан ва Рамазан), гьел моцIазул хиралъабазул нилъеда кутакалда гIемерал Къур'аналъул аятал, Хирияв Аварагасул ﷺ хIадисал ва гьединго гIалимзабазул рагIаби лъала. Нилъедаго ракIалде щвезе рукIине гьезул цоялги рицун тела. Нилъер хирияв ХIабиб МухIаммад Аварагас ﷺ жиндирго цояб хIадисалда абулеб буго:

«Нужеда кIочон тоге, Раджаб буго БетIергьан Аллагьасул моцI, гьеб моцIалъул цо къоялъ кIал ккурав чиясдасан Аллагь рази вуго».

Гьединго, диналъул вацал ва яцал хирияб буго тIоцебесеб хамиз къоялъ кIал ккезе ва гьелъул сордоялъ, ай рузман сордо, гIибадаталда чIаго гьабизе.

Цойги нилъер хирияв Аварагасул хIадисалда абулеб буго:

«Раджаб моцIалъ кIал ккезе суннатаб буго, тIолабго моцIалъ кIал ккезе, гьедин бажарулеб гьечIони, тIоцебесеб, анцIила щуабилебги ва ахирисебги кIал ккеян».

Имам ТIабараниясдасан бачIун буго:

Нилъер хирияв Аварагас ﷺ Раджаб моцI тIаде щведал, гьабулеб букIанин гьадинаб дугIа:

اللّهم بارك لنا في رجب ، وشعبان ، و بلّغنا رمضان

«БетIергьанав Аллагь, нижей баракатлъун гьабе Раджабги ШагIбанги ва ниж чIаго хутIизе гьаре Рамазан моцI бачIинегIан».

ХIурматияб Шамил районалъул жамагIат, гьарула БетIергьан Аллагьасда нилъер киназулго мунагьал чурайгиян, халатаб баракатаб гIумруги нилъее кьеян. Аллагьас нилъер киназулго ракIазулъ иманалъул нур сун ине биччагеги, Аллагьги Аварагги ﷺ АсхIабзабиги шаихзабиги рокьулездасан нилъ киналго гьареги. Гьезул баракатги шафагIатги нилъее махIрум гьабугеги. Амин!

**Районалъул имам**
**МахIмуд-афанди ДУМАЛАЕВ**

■ АВТОРАСУЛ БОКІОН

Давуд ДАВУДОВ

## МугІалим ва насихІатчи




Россиялъул Президент В. Путинил указалда рекъон, 2023 сон лъазабун буго мугІалимасул ва насихІатчиясул лъагІеллъун. Гьелъ бицунеб буго мугІалимасул, насихІатчиясул ва тІолго лъайкьеялъул бутІаялда хІалтІулелщиназул къадру борхизабиялда хурхун тадбирал тІоритІизе рукІиналъул.

Лъай кьей ва лъай щвей, лъаялда рекъон махщалида хІалтІи ва лъаялда рекъараб къадру кквей киназдаго бажаруларо. Щайгурелъул, лъай буголъиялда цадахъго чара гьечІого букІине ккола тарбиягун рекъараб гІамалхасиятги. Щивав хІакимчи, щивав цевехъан вуго жиндир гІагараб мактабги лъугІун, гьелъул кьучІдаса борхалъиялде рахарал. НекІсияб заманалдаса нахъе лъай тІалаб гьабурав кидаго къиматалда вукІана.

Дир пикруялда рекъон, 2023-леб сон мугІалимасул ва насихІатчиясул лъагІеллъун лъазаби заманалда рекъон ккун буго. Ахирал саназ улкаялда ва дунялалдаго байбихьарал лъугьа-бахъинал лъавукълъиялда къвал баялъ ккарал ругин абизе бегьула. Дагъал церегІан саназги педагогасул лъай щваразул лъабил бутІаги жидерго махщалида хІалтІизе унел рукІинчІо. МугІалимасул махщалил къадру борхун кквезе бокьаразул къадарги дагьаб букІана. Школазда, ясли-ахазда рукІинчІо шартІал, къойидаса къойиде хис-хисулел законазда хадур регІизе киназдаго гуреб бажарулеб букІараб.

Араб гІасруялъул 90-лел саназ цІакъго гІодобе ккун букІана мугІалимасул къадрукъимат. Лъаялдалъун гуреб, гІарцудалъун ва лъай-хъваяздалъун бокьараб борхалъуде рахине рес бугеб заман дагь-дагькккун рикІкІалъулеб букІин бихьулеб буго. Заман хисигун хисулел руго тІалабалги, лъай-гІакълу цІикІкІарал къваригІун руго специалистал. ЦІияб гІасруялда лъайкьеялъул бутІаялда ккарал хиса-басиязул аслияблъун буго 9 ва 11 класс лъугІулел цІалдохъабаз ОГЭ ва ЕГЭ кьей. Цогоял началихъалъул экзаменаз рес кьуна цІалдохъабазе улкаялъул бокьараб регионалда тІаса бищараб махщел босиялъе цІализе. Гьелдаго цадахъ кІвар борхана тІоритІулел предметиял олимпиадабазул ва конкурсазул. КІочене бегьуларо цІалдохъанасул щибаб бергьенлъиялда хадуб мугІалимасул захІмат букІин.

Нилъер улкаялъул экономика цебетІезе ккани, къваригІунеб шартІлъун буго лъай ва таваккаллъи цІикІкІарал гІолилал. Интернеталъул дарсазда ругьунлъарал гІолилаз тІаса бищулеб буго бигьаго яшав гьабизе рес.

Жакъа къоялъ тІоцере ясли-ахазде ва школазде рачІарал гІолилазе щола харжазул бигьалъаби. Гьединго кумек щола «Земский учитель» программаялда гІахьаллъаразеги. Районалъул гІемерисел школазда гІуцІадго унел руго ремонталъул ва материалияб рахъ лъикІлъизабиялъул хІалтІаби. Кинал батІиял цІилъаби гьаруниги, тІоцере хІалтІизе рачІунел гІолилазе чара гьечІого къваригІуна хІалбихьи цІикІкІаразул малъахъваял. Гьел гьечІого живго жиндаго тІад хІалтІун махщел камил гьаби халалъула саназ. Нилъер школазда гІезегІан руго мустахІикъал лъайкьеялъул хІалтІухъабазул къадар. Гьезул гІумру-нухалъул, хІалтІул церетІеязул хІакъалъулъ гІатІидал баянал кьезе руго газеталъул гьурмаздаса.

ЦІалдохъаби, мугІалимзаби, улбул, жавабиял идараби цадахъ хІалтІиялъ лъайкьеялъул байрахъ борхатго ккезе икъбал кьейги киназего.

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# ГІасаса устарасул баракат

**Дагъистаналда ватиларо Шамил районалъул гІесдерил МочІолъ бугеб ГІабдурахІман-хІажиясул цІаралда бугеб мадрасаги, гьелъул хІалтІиги рагІичІев чи. Амма киназдаго лъалеб батиларо гьелъие кьучІ лъурал ва кІинусгогІан мутагІилги цІалулеб гьеб мадрас гІумруялде бахъинабуразул хІакъалъулъ.**



ГІасаса вукІана араб гІасруялъул 90-абилел соназ гІараб гІелмуги цІаларав, цІаралда рекъон гьебги хІалтІизабулев гІажаибаб пагьму-гьунаралъул инсан Квехов МухІамад. Инсул цІар гьеб букІаниги, гьев гІемеразе машгьуллъана ГІасаса МухІамадилан. Исламалъе нух рагьарабго, Буйнакскиялда гІумру гьабун, гьениб мадрасаги рагьун, дарсал кьолев вукІарав гьев, тІадвуссана росулъе лъабавго васги цадахъ рачун. Гьесул пикру ккана росулъ мадраса рагьизе. Гьелъие санагІатаб бакІ букІана росуахада жиндир баракат киназего камугеяв ГІасаса устар ГІабдурахІман-хІажияс гІумру гьабулеб букІараб бакІ. Гьениб букІана совхозалъул контораги, цоги рарал бакІалги. Колхоз-совхозги бихьидал, жамагІаталъул хІукмуялда рекъон, гьеб бакІ кьуна мадраса базе. Байбихьун гІемераб заман ингун унтана ГІасаса МухІамад (гьесул букІана астма) ва кватІичІого гьев къадаралде щвана. Гьанже гьеб баялъул хІалтІи гьабизе жамагІаталъ тІадкъана гьесул бищун кІудияв вас ХІасан-хІилмида. 20 сон барав гІолохъанчиясе гьеб бигьаяб масъала букІинчІо. Гьелде щвезегІанги гьев векердун мадрасаялъе тІалаб гьабун букІана ХІебда ОКХялъул букІараб мина ва гьениб 25 лъимада гІелму малъулаан. Васас кин бугониги кІиябго гъежги гурун байбихьана МочІолъ инсуца кьучІ лъураб мадраса баялъул хІалтІуде. Росдал жамагІаталъ ва райцентралдасаги гІадамаз кумек гьабичІебани, гьеб хІалтІи рагІалде бахъинароан. Субботникал гьарун, баччана гамачІ, гьединго гьабуна къед, конторалъул ва аскІор рукІарал минабазул босана рахи-цІул. ПалхІасил, кІвана цо корпус эхетизабизе. ТІоцебесеб соналъ гьенир цІалулел рукІана 50 гІанасев чи. Хадуби дагьдагькккун къотІизе течІо минарукъ баялъул хІалтІаби. Васалаз жидерго букІараб бизнесги гьенибе сверизабуна. Узухъда, рукІана ресалда рекъон гьенибе кумек гьабулелги. Амма, аслияб жо, гьес лъиданиги гьаричІо гьадигІан кумек гьабеян.

Къо анагІан кІодолъун, гІатІилъун бачІана мадраса. ТІадеги бана кІигониги спортзал (хІаялъул ва гугариялъул), 200 чи цадахъ кваназе бегьулеб столовая, хІалтІухъабазе рукъзал. Байбихьана кумекалъулаб магІишат гІуцІизе. Мадрасаялда хьихьана 50 гІанасеб гІака, 200 гІанасеб лемаг, гІезаруна наял, сверухъ бугеб ракьалдаса пайда босана овощалги рекьун, гьенирго ругел куракул, гІечул гъутІбуз кьуна пихъ. Къо анагІан гІатІилъун лъугьана мадраса. Гьанже гьенир цІалулезул къадар бахана 150лъялдасаги цІикІкІун чиясде. ЦІализе рачІана Дагъистаналъул районаздаса гурелги, Чачаналдаса ва Ингушетиялдаса лъималги. ХІажаталлъун ккана бакІ-бакІазда гьалъул филиалал рагьизе. Гьединал филиалал рагьун рукІана Хунзахъ, КъахІиб, Къелеб, Рихьуниб, Ингиши. Рагьарабго рекерахъдана лицензия балагьизе. ТІоцебе гьеб кьуна 5 соналде исламияб институталъеян. Хадуб муфтияталъги абун, гьеб босана мадрасаялъе. Мадрасаялда дарс кьола лъайги бажариги бугел, узухъда, дипломги бугел мугІалимзабаз. ЦІалуда хадубго кІвар кьола спорталдехун гьел руссинаризеги. Гьенире лъимал ругьун гьаризе ахІула районалъул спортшколалдаса тренерал. Гьениса лъимал церерахъуна районалда ва гьеб тун кватІир тІоритІулел спорталъул къецазда.

ХІасан-хІилмил гьитІинав вац МухІамадрасулица куцарал лъималаз 1-себ бакІ кькуна Хасавюртлада тІобитІараб республикаялъул гІелмабазул конкурсалда. ХІасан-хІилмил хІебда Бадрудинил букІараб минаялда рагьана ясалазе хасаб мадраса. Районалъул имамасе ва будунасе букІинеян росдал школалда аскІоб ракьги босун, гьес эхетана 3 тІалаялъул мина. Мадраса рагьаралдаса араб къогоялдасаги цІикІкІарал саназ, гьеб лъугІун къватІире ана азаргоялдасаги цІикІкІун чи. Гьанир цІалун лъугІарал хІалтІулел руго Дагъистаналъул гІемерал росабалъ имамзабилъун ва мадрасаздагин исламиял институтазда преподавателаллъун. Гьанир цІалун лъугІарал хІалтІи-иш гьечІого хутІуларо.

Живго ХІасан-хІилмица абухъе, гьаб кинабго мадрасаялъул иш дандебилълъин буго жидер баракат щваял ГІабдурахІман-хІажиясул ва ГІасаса МухІамадил баракат. Нужецаго пикру гьабун бихье, гьалгощинал лъималазе къойил 3 нухалъ квенги чІезабизе ккани, гьанир хІалтІулел 10ялдаса цІикІкІарав мугІалимасе ва гьедигІанго хІалтІухъабазе харжги чІезабизе ккани, цо гъурущниги пачалихъалъухъаги щолеб гьечІеб мехалъ, бигьаяб масъала гьечІеблъи. Амма чІезабун буго. Рега-рахъизе лъикІал шартІалги руго, хІухьлаца хІалтІулеб рукъзал хинлъулеб системаги буго. Цо моцІалъе цохІо харжазе унеб буго гІага-шагарго 500 азарго гъурущ! Гьеб кисаха? Шагьаралда бугеб жиндирго бизнес ХІасан-хІилмица сверизабун буго гьенибе. Гьаб заманаялъ камуларо сахаватал гІадамалги. ХутІараб Аллагьасда лъала. Аллагьаси кьечІого букІинищ гьадинаб баракатаб ишалъе сахаватаб жаваб.

Гьанир цІаларазул рахъунаро хъачагъалги, наркоманалги, гьекъолдухъабиги ва цойги обществоялъе заралиял чиги. Гьелъул гІаксалда, гьаниса рахъуна иманги бугел, росдаеги жамагІаталъеги пайдаяв гІалимзаби ва жамагІаталъе пайдаял гІадамал. Гьезие кьолеб дипломалдаги хъвалеб бугелъул исламияб гІелмуялъул преподаватель ва юристилан. Гьадинаб пайдаяб иш гІумруялде бахъинабурав ХІасан-хІилми мустахІикъав вуго тІадегІанаб шапакъаталъе. Аллагьас хадубккунги гьединаб баракатаб ишалъе гІумруги, щулияб сахлъиги, тавпикъги, дандебилълъинги кьейги гьесие.



**P.S. ХІасан-хІилмица МочІолъ мадрасалда рагьун бугеб Социалияб колледжалда цІалун рахъун диплом щвезе рес буго магІарухъ къваригІунел юристасул, социалияв хІалтІухъанасул ва байбихьул классазул мугІалимасул специалистазе.**

Сайпула ГЬИТІИНАМУХІАМАДОВ

■ РАСУЛ ХIАМЗАТОВ - 100 СОН

# «Наслабазе толеб буго Дагъистан –дир рокьул, дир анищазул улка»

**(Расул ХIамзатов)**




Дунялалдаго Дагъистаналъулги, цIудул рорженалъул борхалъуда бугеб гьитIинабго ЦIада росдалги цIар рагIизабурав Расул ХIамзатов лъалареб бокIон гьечIо, лъалелщиназеги гьесул гIумруялъул ва творчествоялъул лахIзатал жеги лъикI лъазе ва рихьизе рес буго исана.

ДРялъул бетIер Сергей Меликовас цебе лъураб суалги къабул гьабун, Россиялъул Президентас 2021-леб соналъго исанасеб сон бихьизабун букIана тIолго улкаялда Расул ХIамзатовасул сонлъун. 100 сонилаб юбилеялде тIубараб лъагIалицаго рукIине руго гIемерал тадбирал. ШагIир ракIалдещвеялъе тадбирал гьаризе руго, ХIамзатовасул гьитIинаб ВатIаналда гуребги, тIолго улкаялдаго. Санайилго тIоритIулаан гьев гьавураб къоялде тадбирал Дагъистаналда, Россиялда ва улка тун къватIибехунгицин, амма исана – такрарлъи гьечIев шагIирасул цIар кьураб соналъ, лъагIел лъугIизегIан кIвар цIикIкIараллъун рукIине руго гьел хIалтIаби.

Расулил асаразул цояб, кечIлъун лъугьараб «ХъахIал къункъраби» тIибитIана тIолго дунялалда. Жакъа къоялъ Расулил «ХъахIал къункърабазе» памятник буго дунялалдаго 170 ялдасаги цIикIкIун шагьаразда. Гьесул гIагараб ЦIада росулъ гьеб буго тIубараб мемориалияб комплекслъун, маданияталъул памятниклъун ва рагъдаса руссинчIел ракIалдещвеялъе гIаламатлъун. Гьенире щварал гьалбадерие рес буго гIумруялъул ва творчествоялъул лахIзатал лъазе, къанагIат гурого гьечIел Расулил суратал рихьизе.

Жакъа къоялде юбилей кIодо гьабун, Россиялда тIоритIизе хIисабалде росун руго 42ялдасаги цIикIкIун тадбир. Гьезда гьоркьор руго выставкаби, гIелмиял конференцияби, маданиябгун лъай борхизабиялъул ва издательствоялъул проектал, конкурсал ва фестивалал.

Петербургалъул межведомствияб цIарал кьеялъул комиссиялъ хIукму гьабун буго Санкт- Петербургалда Калининский районалда бугеб сквералъе Расул ХIамзатовасул цIар кьезе. Гьенибго «ХъахIал къункърабазе» памятник лъезе буго хIукуматалъул гIаммаб планалда бихьизабун.

18-леб январалдаса байбихьун, 2023-леб сон лъугIизегIан щибаб арбагI къоялъ ДРялъул Миллияб библиотекаялда дагъистаниязе ва тIаде рачIаразе Расулил асарал цIализе руго машгьурал артистас, гIелмиял хIалтIухъабаз, лъайкьеялъул ва маданияталъул церехъабаз, преподавателаз, студентаз, цIалдохъабаз ва кIудияв шагIирасул творчествоялъе къимат кьезе лъалелщиназ. Юбилейялде тIобитIулеб «Гамзатовская среда» абураб гьеб проекталда ДРялъул Миллияб библиотекаялда цебе бугеб майданалда Расулил кучIдузул аудиотрансляция букIине буго дунялалъулго халкъазул мацIалда.

Россиялъул 10ялдасаги цIикIкIун субъектазда хIадурун руго поэтасул юбилеялде регионалиял планал.

Гьединго, ХIамзатовас СНГялъул улкабазда маданият цебетIеялъулъ лъураб кIваралъул бицунел хасал секцияби жанир рачарал юбилеялъулал тадбирал тIоритIизе руго Белоруссиялда, Азербайджаналда ва Киргизиялда. Белоруссиялда ва Азербайджаналда гьаризе планазде росун руго комплексалъулал тадбирал - «Гамзатовские чтения». ГIун бачIунеб гIелалда шагIирасул творчествоялъулаб нахърател лъазе мурадалда, хъвазе руго Расулил гIумруялъул хIакъалъулъ диктантал, сочинениял, тIоритIизе руго гьесул асараздаса къецал.

«Халкъияв шагIирасул 100 сонилаб юбилей кIодо гьаби буго нилъее иргадулаб рес цоги нухалъ рагIизабизе миллатал гIемераб, бечедаб маданияб нахърател бугеб Россиялъул цIар ва щибаб асаралда гьудуллъи, рокьи, ритIухълъи ва яхI-намус цIуниялде халкъ ахIулев вукIарав шагIирасул бицине жакъа цIакъ хIажатаб буго нилъее»,- ян кIалъана ДРялъул бетIер Сергей Меликов юбилей тIобитIиялъул оргкомитеталъул данделъиялда. Гьединго, республикаялъул бетIерас баркала загьир гьабуна Президентасе гьеб суалалде бугеб хасаб бербалагьиялъухъ, регионазул инициативалъе гьабулеб кверчIваялъухъ ва РФялъул ХIукуматалъе юбилеялъулал тадбиразе гьабулеб бугеб хIадурлъиялъухъ.

ГIалимчи ва поэт ЦIадаса ХIамзатил вас Расул 80 сонилаб ригьалда нилъедаса ватIалъаралдаса исана 20 сон бала. Аваразул поэт, прозаик, публицист, РФялъул жамгIиял ва политикиял ишазул хIаракатчи, переводчик, социалистическияб захIматалъул бахIарчи, ДАССРалъул халкъияв шагIир, ДРялъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи ва рикIкIен гIемерал премиязул ва орденазул кавалер, гьунар тIокIав ЦIадаса васасул юбилей мустахIикъаб хIалалъ тIобитIизе буго тIолго улкаялда, гьединго, нилъер районалдаги.

Жакъасеб къоялъ улкаялда бугеб ахIвал-хIалалда рекъон Расулил патриотикияб рекIел ахIиялъул асарал ва гьесул творчество чара гьечIого хIажат руго. ТIолабго гIумру ана шагIирасул ВатIаналде бугеб гIищкъул бицунаго ва гьелъие хIажаталъул жив эхетизе хIадурун вукIин ахIулаго. 36 гIанасел батIиял миллатал жанир руссарал Дагъистаналъе «Халкъазул созвездие» абун цIар гIадада щвараб гуро. ЦIваби цоцада аскIор сокIкIун, гIуцIун, берцинаб сурат лъугьараб мехалъ гурого, созвездие букIунареб гIадин, метерисеб къоялде ракIчIей бугеб ВатIанги букIунаро улкаялъулго халкъал цолъичIони. Патриотикияб тарбиялде хасаб бербалагьи букIараб Расул ХIамзатовасул творчествоялдаса тадбирал тIадаллъунцин рихьула гIун бачIунеб гIелалъе. ТIолго пачалихъияб даражаялда Расулил сон кIодо гьабиялъ цIиял гIелазулъ кидаго абадиял- ВатIан бокьи, миллатал гъунки ва рекъел цIуни гIадал тIадегIанал бечелъаби куцаялъе рес кьела.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

### ВатIаналде

Дун дур цIурмазда гъорлъ цо цIумур вуго,
Дур цIар зваргъолеб куц каранда жаниб.
ГьечIо дие гьаракь гьадин бокьулеб, —
Гьеб гьаракь къотIани, дун къаникь вуго.
Дун дур цIумазда гъорлъ цо цIумлъун вуго,
Дур цIар буго дие кIиябго кваркьи.
Воржуна гьороде керенги рагьун,—
Гьел куркьбал къотIани, дун къаникь вуго.
Дун дур ярагъалъулъ къваригIинегIан,
Дуца къеда бараб цо ханжар вуго.
Къо ккараб мехалда, лъазабе дида,
Лъалиниса вахъун паркъезе вуго.
Хонжрол тIагъиялда тIад хъвараб дур цIар,
ЦIунизе вахъина дун гIорхъабазде.
ГIагараб яргъида кьаву чIванани, —
Дун чIагоялъ гьечIо, дун къаникь вуго.
Дица дур каранда бан буго сабаб,
Сарин буго гьениб дуде гьабураб.
ГьечIо гьаб гIадинаб гIагараб сарин, —
Нагагь гьеб къотIани, дун къаникь вуго.
Дур сухъмахъалъан ун, дунялги сверун,
Духъе вуссуна дун, дур васалъ цояв.
Цо нухалъ кьураби, кьунсрулги рукIкIун,
Дихъ балагьанани, — дун къаникь вуго.

■ АДМИНИСТРАТИВНЫЕ ДЕЛА

## Извещение

Администрация МО «Шамильский район» в соответствии со ст. 45 Градостроительного Кодекса РФ информирует о проведении 05 февраля 2023 года в 12 часов00 минут публичных слушаний по вопросу утверждения территорий линейного объекта проекта планировки и межевания реконструкции подъезда от автомобильной дороги «Гунибское шоссе- Вантляшевский» перевал к с. Дагбаш» на участке км 4,5-км 12 (АВР)».

В случае, если при разработке проекта планировки и межевания территории линейного объекта «Реконструкция подъезда от автомобильной дороги Гунибское шоссе—Вантляшевский перевал» к с.Дагбаш. на участке км. 4,5 – 12 км. (АВР) (дополнительные работы), правообладатели земельных участков и объектов капитального строительства, границы которых нарушаются или могут быть нарушены, вправе принять участие в указанных публичных слушаниях и представить в комиссию свои предложения и замечания, касающиеся указанного вопроса, для включения их в протокол публичных слушаний.

С проектом межевания и планировки территории, планируемых к строительству объектов можно ознакомиться в ОКС администрации МО «Шамильский район» и на официальном сайте района.

Публичные слушания проводятся по адресу: Администрация МО «Шамильский район», с.Хебда, ул.Шамиля 50, актовый зал администрации района.

**Глава МО «Шамильский район» М.И.Гасанов**

■ БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

## Эбелалъул рахъалдаса



*РакIалда гьечIого захIматго унтана дир вас. Хехаб кумекалъул машинаги ахIун, больницаялде хъамуна гьев. ХIехьезе захIматаб унтуца кIвекIулев вукIана гьев. Хирург ГIумарасхIаб Магьдиевас нахъбахъичIого операция гьабизе кколин абуна. Халатбахъараб захIматаб операциялдаса хадуб васасул хIал лъикIлъана.*

*Аллагьас сахлъиги халатаб гIумруги кьеги махщел камилав тохтурасе. Районалъул газета гьоркьоб ккун, бокьун буго дир васасул сахлъиялъе сабаблъун ккарав ГIумарасхIабие аза-азар баркала кьезе.*

Хирургасул стол, тIад лъурав инсан,
Гьесда квалкквадулел камилал кверал,
Дур нусалъул рекIин, ракIалъул къвакIи,
Къуват дуй Аллагьас гьарзаго кьейги.

Унтарасде къулун къадруялда мун,
Къваридго эхетун рагьдухъ гIагарлъи,
Щиб хабар босундай тохтур вачIина,
ЧIезе бакIги тIагIун эхетарал гьал.

Унтигун къеркьолел къуватал кверал,
Къадар щун хогеги дуда аскIов чи.
Дица дуй гьарула халатаб гIумру,
Унта-щокълъи гьечIеб щулияб сахлъи.

Квер битIи гьарула, махщел гьарула,
Гьабулебщиналъулъ икъбал гьарула,
ХIалтIулъ бергьенлъаби,
халкъалъулъ къадру,
Къудратав Аллагьас насиб гьабеги.

ЛъутIа-къотIаразда аскIов чIолев мун,
Аллагьасул рахIмат дуй гьарзалъаги,
Хъизан-лъималазе, гIагарлъиялъе,
Халатаб гIумруги сахлъиги кьеги.

**Шумайсат ШАРАПУДИНОВА (84 сон),**
**ТIасабакълъухъ росу**

■ ФОМС ИНФОРМИРУЕТ

## Как прикрепиться или сменить поликлинику?

Для получения медицинской помощи по программе ОМС необходимо «прикрепление». Каждый застрахованный по ОМС имеет право 1 раз в год поменять медицинскую организацию, в которой ему амбулаторно предоставляется медицинская помощь – поликлинику, в том числе стоматологическую поликлинику, а также женскую консультацию.

Гражданин может выбрать любую медицинскую организацию из числа включенных в реестр медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи. Действия гражданина и медицинской организации при этом регламентируются Приказом Министерства здравоохранения и социального развития Российской Федерации от 26 апреля 2012 г. N 406н «Об утверждении Порядка выбора гражданином медицинской организации при оказании ему медицинской помощи в рамках программы государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи».

В случае изменения места жительства или места пребывания гражданина, он может прикрепляться к новой поликлинике чаще чем один раз в год. Реестр медицинских организаций опубликован на сайте территориального фонда обязательного медицинского страхования Республики Дагестан: http://www.fomsrd.ru/в разделе «Участникам системы ОМС». На стартовой странице сайта доступна ссылка «Проверить полис», пройдя по которой, вы сможете узнать текущий статус своего полиса ОМС и сведения о филиале страховой компании, выдавшей его. Более подробную информацию и контактные данные вашей страховой медицинской организации можно узнать по соответствующим ссылкам в нижней части страницы сайта, телефоны горячих линий ТФОМС и СМО также отображены на баннере в «шапке» сайта.

Прикрепиться к поликлинике можно онлайн через портал «Госуслуги» или лично обратиться с пакетом документов (паспорт, полис ОМС, СНИЛС) в выбранную медицинскую организацию. Если в структуре поликлиники, к которой вы прикреплены, есть отделения стоматологии и женской консультации, отдельного прикрепления к ним не требуется.

Чтобы прикрепить ребенка младше 14 лет, необходимо лично обратиться с пакетом документов (паспорт законного представителя несовершеннолетнего, свидетельство о рождении ребенка, полис ОМС ребенка) в выбранную детскую медицинскую организацию. Если заявление подавалось онлайн, прикрепление осуществляется в течение трех рабочих дней.

Если заявление подавалось очно, то медицинской организации отводится четыре рабочих дня на проверку указанных вами сведений. После этого в течение двух рабочих дней вас известят о прикреплении. Если вы уже были прикреплены к какой-либо медицинской организации, а затем решили поменять ее на другую, открепление от прежней произойдет автоматически, без вашего участия после того, как будет завершена процедура прикрепления к новой. В случае, если у вас возникли затруднения при прикреплении к выбранной поликлинике или возникли вопросы по оказанию бесплатной медицинской помощи, за консультацией можно обратиться в контакт-центр своей страховой компании или территориального фонда ОМС.

**МАГОМЕДОВ И.С.**
**Главный специалист по защите прав застрахованных (эксперт)**
**Шамильского филиала ТФОМС РД**


ЦОЛЬИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовальул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевальул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь къимат кьезелъун.
Нижер электрониябпочтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50